

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Subjék Panalungtikan

Lokasi atawa tempat dilaksanakeunana ieu panalungtikan nyaéta di SMAN 9 Bandung anu pernahna di Jl.L.M.U. Suparmin No.1.A.

Subjék panalungtikan dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 anu jumlahna 34 urang, ngawengku 17 urang awéwé jeung 17 urang lalaki. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta data hasil tés saméméh jeung sabada dilarapkeunana modél pangajaran *concept sentence* dina materi pangajaran nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014. Sumber data dina ieu panalungtikan ditangtukeun ku cara intak nyaéta dumasar data anu geus aya.

3.2 Desain Panalungtikan

Panalungtikan ieu ngagunakeun desain *one-group pretest and posttest design*. Desain ieu leuwih dipikiwanoh salaku desain saméméh jeung sabada kalawan struktur desain saperti ieu di handap:

O1 X O2

(Sugiyono, 2012, kc. 74)

X nyaéta perlakuan anu dilakukeun tur ditalungtik pangaruhna dina ieu eksperimén. Perlakuan nu dimaksud nyaéta modél pangajaran *concept sentence*. O1 nyaéta tés atawa observasi anu dilaksanakeun saméméh *perlakuan* dilumangsungkeun, sedengkeun O2 nyaéta tés atawa observasi anu dilaksanakeun sabada *perlakuan* dilumangsungkeun. Pangaruh *perlakuan* X bisa kapanggih ku cara ngabandingkeun antara hasil O1 jeung O2 dina situasi anu kakontrol.

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode kuasi ékspérimén. Méthode ieu digunakeun pikeun nguji modél pangajaran *concept*

AI ROHATI, 2014

Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sentence dina ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X SMAN 9 Bandung. Nurutkeun Sugiyono (2012, kc. 77) métode kuasi ékspérimén nyaéta métode panalungtikan anu mangrupa hasil mekarkeun tina métode eksperimén murni. Métode kuasi ékspérimén mangrupa métode anu digunakeun ku cara ngayakeun panalungtikan pikeun nempo kalungguhan hubungan kausal antara variabel-variabel anu ditalungtik. Métode kuasi ékspérimén mangrupa bagian tina métode kuantitatif.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan téh puguh maksud, tujuan sarta udaganana, perlu ditataan heula istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nyaéta:

1) Modél pangajaran *concept sentence*.

Modél pangajaran *concept sentence* nyaéta modél anu dina prak-prakanana dilakukeun ku cara ngabagikeun kartu-kartu anu eusina sababaraha kecap galeuh ka siswa, tuluy éta kecap galeuh téh disusun jadi sababaraha kalimah atawa dimekarkeun deui jadi sababaraha paragraf. Modél pangajaran ieu biasana diterapkeun ka siswa dina wangun kelompok heterogén sarta siswa dipiharep bisa nyusun kalimah atawa paragraf minimal ku cara ngalarapkeun opat kecap galeuh anu luyu jeung pedaran matéri.

2) Kamampuh nulis sisindiran.

Kamampuh nulis sisindiran nyaéta kamampuh siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 dina nepikeun ide, gagasan, kahayang sarta pangalaman sacara tinulis kana wangun karya sastra buhun anu kauger ku aturan puisi, sarta diwangun ku cangkang jeung eusi. Sisindiran anu ditulis ku siswa nyaéta wangun rarakitan jeung paparikan.

Aya dua aspék anu kudu diperhatikeun dina kagiatan nulis sisindiran nyaéta, aspék linguistik jeung aspék non linguistik. Siswa dianggap mampuh nulis sisindiran supama dua aspék éta geus kacangking dina sisindiran anu dijieunna. Aspék linguistik ngawengku éjahan, pilihan kecap atawa diksi jeung tatabasa,

sedengkeun aspék non linguistik ngawengku, guru lagu jeung guru wilangan, purwakanti jeung wirahma.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Dumasar téknik panalungtikan anu dipaké, instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta wangun tés tinulis. Tés anu dijieun dina wangun soal unjuk kerja ditepikeun saméméh jeung sabada dilarapkeunana modél pangajaran *concept sentence* dina matéri pangajaran nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014. Tés anu dipaké nyaéta tés unjuk kerja anu dipiharep bisa nerapkeun kamampuh pangaweruh teoritis siswa kana kagiatan praktis tur kongkrit. Kamampuh anu dimaksud di dieu ya éta kamampuh nulis sisindiran ngagunakeun media kecap galeuh. Soal tés dina ieu panalungtikan geus diuji validitasna. Anapon léngkah-léngkah dina ieu tés, sakumaha ieu di handap.

- 1) Guru nyiapkeun susunan kecap galeuh anu mangrupa kecap-kecap nu miboga sora padeukeut atawa méh sarua sangkan bisa dijieun hiji wangun sisindiran.
- 2) Siswa dibagi jadi sababaraha kelompok hétérogén, unggal kelompok kurang leuwih opat nepi ka lima urang.
- 3) Siswa ditugaskeun nyieun sisindiran wangun paparikan jeung wangun rarakitan kalayan ngalarapkeun kecap galeuh anu geus disayagikeun.
- 4) Téma atawa eusi sisindiran ditangtukeun.
- 5) Siswa migawé pancén dina waktu nu geus ditangtukeun.
- 6) Hasilna dikumpulkeun.

Tabél 3.1
Soal Tés

- | |
|--|
| <p>1. Jieun sisindiran, wangun rarakitan jeung wangun paparikan maké kecap galeuh anu geus disayagikeun, kalayan témana piwuruk!</p> |
|--|

Tabél 3.2
Lembar Jawaban Siswa

LEMBAR JAWABAN SISWA

Wasta :

Kelas :

Rarakitan

Peunteun

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

.Paparikan

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

Tabél 3.3
Kisi-Kisi

Kompetensi anu diuji : Ngaprésiasi sarta ngaéksprésikeun téks sisindiran kalayan merhatikeun kaédah-kaédahna sacara lisan jeung tulisan.	
Indikator hasil diajar anu kudu dihontal : Siswa mampuh nulis, ngédit, jeung midangkeun sisindiran kalayan merhatikeun kaédah-kaédahna	
Jumlah Soal :1	
Bobot : 100	
Jenis Soal : Esay	
Soal : Prak ayeuna ku hidep jieun sisindiran (wangun paparikan jeung wangun rarakitan) make kecap- kecap anu geus disayagikeun kalayan eusina piwuruk! Kecap galeuh :	
Kecap galeuh keur cangkang	Kecap galeuh keur eusi
posong, bolong, ompong, lisa, kisa, istrika	bohong, dosa, naraka
ragaji, paraji, haji, malarat, surat, tibra, oray kobra	ngaji, akhérat, surga
kohkol, kastrol, és, demés	getol, suksés
kikirik, jangkrik, cacar, kasar	sirik, sabar, rikrik, beunghar
obat, tomat, komat, surat	tobat, sholat, akhérat, maksiat
pangpung, tanjung, bangbung, gadung, nangtung, Bandung	adigung, nabung, nanjung, élmu luhung
taleus, haneut, simeut	leuleus, sumanget
kopéah, sunah, payah, bayah	soméah, nyaah
oray sanca, wawuh, waluh, kiruh	maca, pangaweruh

AI ROHATI, 2014

Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

huni, buni, seger, tiner	bener, wani
Konci Jawaban:	
	Skor
1 Rarakitan	50
1 Paparikan	50

Skala atawa rubrik peunteun dina ieu panalungtikan ngagunakeun modél skala anu disebutkeun ku Halim jeung Harris (dina Skripsi Lilis, 2009, kc. 56) saperti ieu dihandap:

Tabél 3.4
Skala Peunteun Kamampuh Nulis Sisindiran

No.	Aspék nu Dipeunteun	Skala Peunteun	Skor Masimum	Skor Siswa
1.	Eusi Gagasan (Ide, Amanat anu hayang ditepikeun dina sisindiran)	35 hadé pisan 28 hadé 21 sedeng 14 kurang 7 kurang pisan	35	
2.	Organisasi eusi (nyambung atawa henteuna eusi sisindiran)	25 hadé pisan 20 hadé 15 sedeng 10 kurang 5 kurang pisan	25	
3.	Tatabasa (Pilihan Kecap atawa Diksi)	20 hadé pisan 16 hadé 12 sedeng 8 kurang 4 kurang pisan	20	
4.	Gaya : pilihan struktur (Kasaluyuan Guru Lagu jeung Guru Wilangan sarta Purwakanti)	15 hadé pisan 12 hadé 9 sedeng 6 kurang 3 kurang pisan	15	

AI ROHATI, 2014

Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.	Ejahan	5 hadé pisan 4 hadé 3 sedeng 2 kurang 1 kurang pisan	5	
Nilai Total			100	

3.6 Tékhnik Panalungtikan

3.6.1 Tékhnik Ngumpulkeun Data

Tékhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta tékhnik tés. Tés anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis sisindiran nyaéta tés kalayan wangun soal unjuk kerja. Tékhnik tés sorangan ngawengku kagiatan *pretest* jeung *posttest*. *Pretest* digunakeun pikeun ngukur kamampuh nulis sisindiran siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *concept sentence*, sedengkeun *posttest* digunakeun pikeun nguur kamampuh nulis sisindiran siswa sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*. Tina hasil *posttest* ogé panalungtik bisa nyindekeun naha modél pangajaran *concept sentence* éfektif atawa henteu saupama dilarapkeun dina matéri pangajaran nulis sisindiran.

3.6.2 Tékhnik Ngolah Data

Tékhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data anu geus dikumpulkeun. Kagiatan ngolah data dilakukeun sabada sakumna data kakumpul. Léngkah-léngkah dina ngolah datana saperti nyaéta:

- 1) maca hasil tés awal jeung ahir anu geus dilaksanakeun ku siswa, sarta nyirian anu salah atawa kurang merenah.
- 2) meunteun jeung nganalisis hasil tés awal jeung ahir dumasar kana kriteria anu geus ditangtukeun ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\sum B}{\sum KT} \times 100$$

AI ROHATI, 2014

Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan:

P = Peunteun

$\sum B$ = Peunteun anu kahontal

$\sum KT$ = Peunteun maksimal

Kategori = Peunteun ≥ 75 , siswa dianggap mampu nulis sisindiran.

Peunteun ≤ 75 , siswa dianggap teu mampu nulis sisindiran.

- 3) data anu kakumpul diklasifikasikeun tuluy dilaporkeun dina wangun tabel ieu dihandap.

Tabél 3.5
Kamampuh Nulis Sisindiran Siswa saméméh Dilarapkeun
Modél Pangajaran *Concept Sentence*.

No.	No. Kode Tulisan	Kode					Σ	Kategori
		A	B	C	D	E		
1.								
2.								
3.								
....								
	Σ Rata-rata							

Keterangan:

A : Eusi gagasan

B : Organisasi eusi

C : Tatabasa

D : Struktur

E : Ejahan

Σ : Jumlah peunteun

AI ROHATI, 2014

Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.7
Kamampuh Nulis Sisisndiran Siswa sabada Dilarapkeun
Modél Pangajaran *Concept Sentence*.

No.	No. Kode Tulisan	Kode					Σ	Kategori
		A	B	C	D	E		
1.								
2.								
3.								
....								
	Σ							
	Rata-rata							

Katerangan:

- A : Eusi gagasan
 B : Organisasi eusi
 C : Tatabasa
 D : Struktur
 E : Ejahan
 Σ : Jumlah peunteun

4) data dianalisis ngagunakeun analisis statistik pikeun nguji hipotesis, carana saperti ieu di handap.

a. Uji Normalitas Data

(1) Nangtukeun peunteun siswa anu ngaleutikna jeung panggedéna.

(2) Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

(3) Nangtukeun jumlah kelas

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

(4) Nangtukeun panjang kelas (P)

$$P = \frac{r}{k}$$

(Sudjana, 2005, kc. 47)

(5) Nyieun tabel frekuénsi peunteun *pretest* jeung *posttest* kalayan

AI ROHATI, 2014

Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.7
Tabél Distribusi Frekuensi Kamampuh Nulis Sisindiran Siswa
saméméh jeung sabada Dilarapkeun
Modél Pangajaran *Concept Sentence*

No.	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i \cdot x_i^2$
1.						
2.						
3.						
4.						
....						

(6) Ngitung *mean* (rata-rata) peunteun *pretest* jeung *posttest* kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$\bar{X} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Keterangan:

\bar{X} = rata-rata (*mean*)

Σ = jumlah (*sigma*)

f_i = jumlah data

x_i = nilai tengah

(Sudjana, 2005, kc. 70)

(7) Ngitung *standar deviasi* (*sd*) kalayan maké rumus di handap.

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i \cdot x_i^2 - (\sum f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}}$$

Keterangan:

sd = *standar deviasi*

$\sum f x^2$ = jumlah frekuensi nilai

$(\sum fx)^2$ = jumlah frekuensi nilai X kuadrat
 n = jumlah subjek panalungtikan

(8) Ngitung frekuensi observasi jeung frekuensi ekspektasi (perkiraan).

(a) Nyieun tabél frekuensi observasi jeung frekuensi ekspektasi (perkiraan).

Tabél 3.8
 Tabél Frekuensi Observasi jeung Frekuensi Ekspektasi (Perkiraan)

Kelas Interval	Oi	BK		Z itung	Z tabel	L	Ei	x^2
		Handap	Luhur					
Σ								

(b) Nangtukeun Oi (frekuensi observasi).

(c) Nangtukeun batas kelas (bk).

(d) Ngitung Zitung (transformasi normal standar bébas kelas).

$$Z = \frac{(bk - x)}{sd}$$

(e) Nangtukeun Ztabel.

(f) Ngitung legana unggal kelas interval (L).

$$L = Z_{\text{tabel}} - Z_{\text{itung}}$$

(g) Ngitung frekuensi ékspéktasi (Ei).

$$Ei = n \cdot L$$

(h) Nangtukeun nilai x^2 (Chi Kuadrat).

$$x^2 = \sum \frac{(Oi - Ei)^2}{Ei}$$

AI ROHATI,

Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(Sudjana, 2005, kc. 273)

(i) Nangtukeun derajat kabébasan (dk).

$$dk = k-3$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

(j) Nangtukeun harga χ^2_{tabel} .

(k) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kriteria ieu di handap.

Lamun $\chi^2_{\text{itung}} < \chi^2_{\text{tabel}}$ hartina data distribusina normal.Lamun $\chi^2_{\text{itung}} > \chi^2_{\text{tabel}}$ hartina data distribusina teu normal.b. Uji Homogenitas peunteun *pretest* jeung *posttest*1) Ngitung variasi (S^2) unggal kelompokVariasi *pretest*

$$S_1^2 = \frac{n \sum f_i \cdot x_i^2 - (\sum f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

Variasi *posttest*

$$S_2^2 = \frac{n \sum f_i \cdot x_i^2 - (\sum f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 2005, kc. 95)

2) Ngitung harga variasi (F).

$$F = \frac{\text{variasi anu leuwih gedé}}{\text{variasi anu leuwih leutik}}$$

(Sudjana, 2005, kc.250)

3) Ngitung derajat kabébasan.

$$dk = n-1$$

4) Nangtukeun harga F_{tabel}

5) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kriteria ieu di handap.

a) Lamun $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabel}}$, hartina variasi sampel homogén.b) Lamun $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabel}}$, hartina variasi sampel teu homogén.

c. Uji Gain (d)

AI ROHATI, 2014

Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun naha aya bédana antara hasil *pretest* jeung *posttest*. Ngaliwatan uji gain panalungtik bakal bisa meunangkeun gambaran aya henteuna pangaruh modél pangajaran *concept sentence* kana kamampuh nulis sisindiran siswa. Pikeun nguji gain, digunakeun ieu tabél di handap.

Tabél 3.9
Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Nulis Sisindiran Siswa

No.	Ngaran Siswa	<i>Pretest</i>						<i>Posttest</i>						D	d ²
		A	B	C	D	E	P	A	B	C	D	E	P		
1.															
2.															
.....															

Katerangan:

A : Eusi gagasan

B : Organisasi eusi

C : Tatabasa

D : Struktur

E : Ejahan

P : Jumlah peunteun

d : Selisih skor

d. Uji Hipotésis

Dina uji hipotésis aya dua cara. Kahiji, saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data miboga distribusi data anu normal, dina nguji éta data hipotésisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun uji t-tes. Kadua, saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun data nu miboga distribusi data teu normal, dina nguji éta hipotésis kudu ngagunakeun statistik nonparamétris kalawan ngagunakeun uji *wilcoxon*.

AI ROHATI, 2014

Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) Statistik Paramétris

Statistik paramétris digunakeun nalika data miboga distribusi anu normal.

Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

a) Ngitung rata-rata (*mean*) tina béda antara hasil *pretest* jeung *posttest*.

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

(Arikunto, 2010, kc. 350)

b) Ngitung derajat kabébasan (*dk*).

$$dk = n - 1$$

c) Ngitung jumlah kuadrat *deviasi*.

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

(Arikunto, 2010, kc. 351)

d) Ngitung *t*.

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

(Arikunto, 2010, kc. 350)

Katerangan :

t = tés signifikasi.

Md = rata-rata (*mean*) tina béda antara hasil *pretest* jeung *posttest*.

$\sum x^2 d$ = jumlah deviasi tehnik ngolah data nu geus kakumpul. Datana ngawengku hasil *pretest* jeung *posttest*.

e) Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis kana kritéria ieu di handap.

- 1) Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$ hartina hipotésis ditarima. Jadi modél pangajaran *concept sentence* mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X IPA1 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2013/2014.
- 2) Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$ hartina hipotésis ditarima. Jadi modél pangajaran *concept sentence* teu mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran

AI ROHATI, 2014

Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

siswa kelas X IPA 1SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2013/2014.

2) Statistik Non- Paramétris

Statistik non-paramétris digunakeun saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén data téh miboga distribusi data anu teu normal, dina nguji éta data kalawan ngagunakeun uji *wilcoxon*.

Nurutkeun Sudjana (2005, kc. 450) léngkah-léngkah uji *wilcoxon*, diantarana nyaéta:

- a) asupkeun peunteun *pretest* siswa kana kolom ka-2 (XA1);
- b) asupkeun peunteun *posttest* siswa kana kolom ka-3 (XB1);
- c) itung béda antara *pretest* jeung *posttest* ku cara XA1- XB1 tuluy asupkeun kana kolom 4;
- d) nangtukeun jenjang ku cara ngurutkeun hasil béda tina kolom ka-4 ti mimiti nilai béda anu pangleutikna nepi anu panggedéna;
- e) sanggeus diurutkeun (misalna aya nilai nu sarua), pikeun nangtukeun jenjangna, éta nilai dijumlahkeun tuluy dibagi dua. Nilai tina hasil ngabagi téh mangrupa hasil jenjangna;
- f) sanggeus diurutkeun, asupkeun nilai jenjang JB kana kolom ka- 5;
- g) ngasupkeun nilai jenjang anu positif kana kolom ka-6, misalna aya nilai anu béda anu negatif asupkeun kana kolom ka-7;
- h) tingali kana tabél harga-harga kritis uji *wilcoxon*, misal jumlah $n=23$ kalawan ngagunakeun taraf kasalahan 5% $W_{tabel} = 73$;
- i) data anu geus diitung tuluy diasupkeun kana tabél uji *wilcoxon* ieu di handap.

Tabél 3.10
Uji *Wilcoxon*

No	XA1	XB1	Béda	Tanda Jenjang		
			XA1-XB1	Jenjang	+	-

AI ROHATI, 2014

Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan:

XA1 = Peunteun *pretest*

XB1 = Peunteun *posttest*

j) ditarima henteuna hipotésis dina uji *wilcoxon* ngagunakeun kritéria ieu di handap.

(1) Saupama $W_{itung(-)} < W_{tabel}$ dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina H_a ditarima. modél pangajaran *concept sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014.

(2) Saupama $W_{itung(-)} < W_{tabel}$ dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina H_a ditolak. Jadi modél pangajaran *concept sentence* teu mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014.